

Chapit 5. Prensip jeneral pou elèv
Seksyon 5.322

Règleman 5.322 **Elèv ki gen maladi kwonik ak maladi enfektyez (pami yo HIV/SIDA)**

1. San Diskriminasyon ak Patisipasyon. — Distri lekòl rejyon Palm Beach la rekonèt tout lwa federal ak lwa eta a ki la pou pwoteje elèv ki andikape ak rekonèt moun pa dwe diskrimine elèv sa yo akoz andikap yo, enkli sa yo ki malad.
 - a. Yo pa dwe anpeche elèv kontinye patisipe nan aktivite edikatif sèlman sou baz yon dyagnostik tès pou maladi kwonik oswa maladi kontajyez; tès pozitif pou antikò, antijèn oswa enfeksyon viris iminodefisitè aki (“HIV”) oswa paske li gen sendwòm defisyans sistèm iminitè aki (“SIDA”). Anplis, pa dwe gen restriksyon pou prezans oswa patisipasyon yon elèv lekòl akoz li gen yon manb nan fanmi li ki gen yon maladi kwonik oswa enfektyez, ki te teste pozitif pou HIV oswa ki gen SIDA .
 - b. Pou detèmine anviwònman edikatif ki pi apwopriye, Distri a ap gen pou konfòme li ak kondisyon egzijans ki pase nan Lwa sou edikasyon pou moun andikape yo “abreje IDEA ann anglè” ansanm ak Lwa pou ameriken ki andikape yo, “ADA” ak seksyon 504 nan Lwa 1973 sou reyabilitasyon (“Section 504”) pou elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad lwa sa yo. Si li nesesè pou gen yon plan endividyèl pou yon elèv ki gen yon maladi kwonik oswa kontajyez, plan sa a dwe konfòm ak lwa sa yo.
2. Kowòdinasyon medikal.—Lè yon elèv gen yon maladi kwonik oswa kontajyez, se doktè pèsònèl elèv la ki dwe konsidere kòm prensipal administratè medikal pou bay tout konsèy general ak rekòmandasyon patikilyè konsènan:
 - a. si, medikalman, elèv la anmezi patisipe nan pwogram regilye lekòl la, enkli konsiderasyon risk pou pwòp sante elèv la oswa sante lòt elèv ki nan lekòl la; ak
 - b. si dwe gen akomodasyon pou prezans oswa patisipasyon nan lekòl la.
3. Kontwòl enfeksyon.—Dapre responsablite yo genyen konsènan sante ak sekirite elèv nan kad lwa § 1006.07 Eta Florid la, men ki mezi lekòl yo dwe pran:
 - a. Patojèn ki nan san.—Pou pwoteksyon sante ak sekirite elèv yo, plan kontwòl ekspozisyon patojèn ki nan san distri a genyen an, (“Plan an”), dwe aplike tout tan tout kote, enkli, men ki pa sèlman sa, sal klas yo, vestyè yo, lokal atletik, ak nan pwomnad yo.
 - i. Manadjè sekirite Distri a dwe revize plan nan chak ane ak distribiye li nan tout lekòl yo.
 - ii. Kopi plan an dwe disponib nan klinik lekòl la ak nan biwo administrasyon lekòl la.
 - b. Maladi kontajyez yon elèv an patikilye.—Lè gen yon maladi kontajyez yo remake oswa sispèk ki afekte yon elèv an patikilye, men metòd yo dwe aplike:
 - i. Pou sa ki konsène obligasyon konfidansyalite Seksyon (4) pou HIV/SIDA ak maladi seksyèl transmisib (“MST”), nenpòt anplwaye lekòl ki konnen sa oswa ki sispèk kondisyon sante yon elèv reprezante yon danje pou ta transmèt yon maladi kontajyez dwe rapòte sa, menm jan an, konsa:
 - A. ranpli fòm (PBSD 1634) pou rapòte maladi/kondisyon kontajyez;
 - B. rele nimewo Depatman Sante ki nan fòm nan pou rapòte sa;
 - C. alète rapidman, men ak diskresyon, enfimyè lekòl la oswa administratè etablisman an; epi;
 - D. bay espesyalis Sèvis Sante Distri a fòm nan rapidopresto.
 - ii. Depatman Sante ap detèmine ki aksyon apwopriye ki dwe pran pou fè suivi konsènan nenpòt ka ki gen rapò ak maladi transmisib, epi l ap fè lekòl la konnen kisa ki bezwen fèt atravè espesyalis sèvis sante distri a.
 - iii. An menm tan ak Depatman Sante a, enfimyè oswa administratè lekòl la ap enfòmè elèv ki kontamine a (ak paran oswa responsab li) pou di ki aksyon apwopriye ki dwe pran. (Sepandan, yo dwe aplike paragraf (3)(b)(iv) ki anba a, si gen ka STD oswa HIV/SIDA.) Pandan tout dewoulman suivi sa a, idantite elèv la dwe rete prive ak konfidansyèl selon jan lalwa mande sa.
 - iv. Malgre sa paragraf (3)(b)(iii) anlè a di, anplwaye distri a pa dwe bay paran/responsab (yo) okenn enfòmasyon konsènan STD oswa HIV/SIDA sou okenn elèv, san yo pa verifye avan, alekri, *nan men* elèv la:

- A. elèv la te bay konsantman li alekri pou kominike, revele oswa divilge kalite enfòmasyon konsa bay paran responsab legal li, ak kondisyon yo pa gen dwa mande ni fòse okenn elèv bay yon konsantman konsa; oswa
 - B. paran responsab legal elèv la te deja konnen elèv la te teste pozitif, oswa deklare tès li te pozitif pou STD oswa HIV/SIDA.
 - c. Epidemi maladi kontajyez.—Nan ka ta gen epidemi maladi kontajyez nan nenpòt lekòl (ki pa youn nan maladi ki gen rapò ak paragaf (2)(d), ki pi ba a), men metòd ki dwe aplike lè sa nesèsè:
 - i. Enfimyè lekòl la oswa administratè etablisman an ak espesyalis sèvis sante Distri a ap kolabore ak Depatman Sante a pou evalye sitiyasyon an ak pran mezi apwopriye ki nesèsè pou evite maladi a pwopaje gaye nan lekòl yo.
 - ii. Si Depatman Sante a estime sa nesèsè, direktè/tris lekòl la, an kolaborasyon ak Depatman Sante a, ap enfòme paran/responsab elèv la sou kèlkeswa menas maladi elèv sa ta prezante pou lòt elèv ki gen kontak ak li.
 - d. Otorite pou deklare ka ijans.—Daprè lwa § 1003.22(9) Eta Florid, lè gen nenpòt maladi kontajyez ki fè aparisyon li ki mande pou Depatman Sante ofri vaksinasyon pou sa, se Depatman Sante a ki dwe anonse gen ka ijans.
 - i. Daprè Règleman F.A.C. 64D-3.011 ak lwa § 1003.22(3) Eta Florid, maladi ki mande vaksinasyon oswa pou moun pran vaksen kont yo (apati dat lwa sa a te adopte a), se: difteri, koklich (touse sèk), tetanòs, poliomyelit, saranpyon, lawoujòl, malmouton, grip emofilyak tip b, maladi epatit B ak varisèl.
 - ii. Daprè jan lwa Florid “Stat. § 1003.22(9)” mande, deklarasyon ka enprevi konsa dwe egzije pou lekòl la idantifye kèlkeswa timoun k ap frekante lekòl la ki pa gen dòz vaksinasyon li ajou, epi pou dosye vaksinasyon yo disponib pou direktè/tris oswa administratè Depatman Sante a.
 - iii. Daprè lwa § 1003.22(9) Eta Florid, elèv yo idantifye kòm moun ki pa t pran vaksen kont maladi ki deklare kòm ka ijans la dwe sispann vini lekòl la tanporèman jiskaske Depatman Sante a espesifye lè yo kab retounen lekòl la.
- 4. Konfidansyalite enfòmasyon sou elèv ki gen HIV/SIDA oswa MST. Enfòmasyon ki gen rapò ak elèv ki gen HIV/SIDA oswa MST dwe rete estrikman konfidansyèl dapre lalwa, epi enfòmasyon sa a pa dwe divilge bay piblik la nan kad “Lwa sou Enfòmasyon Piblik”.
 - a. Deklarasyon, rapò, dosye oswa kèlkeswa lòt materyèl enfòmasyon konsènan elèv ki gen HIV/SIDA oswa MST pa dwe plase nan dosye elèv la. Nenpòt kalite enfòmasyon konsa ki ta egziste nan yon lekòl dwe rete kadnase nan tiwa kabinèt yon kote an sekirite direktè/tris la chwazi.
 - b. Nan ka kote paran/responsab la oswa yon elèv ki gen laj majè, revele enfòmasyon HIV/SIDA oswa MST yon elèv, enfòmasyon an dwe rete konfidansyèl. Kalite enfòmasyon konsa pa dwe devwale bay okenn moun, eksepte jan lwa §§ 381.004 oswa 384.29” Eta Florid mande sa oubyen lòt lwa ki aplikab, sof si elèv la ta yon minè epi paran responsab li (oswa se yon elèv majè k ap pran desizyon pou tèt li) te siyen papye kote li bay konsantman divilge enfòmasyon sa a bay kèk anplwaye. Men kalite restriksyon ki aplikab nan ka yon kalite konsantman konsa:
 - i. Enfòmasyon sou elèv ki gen HIV/SIDA oswa MST pa dwe divilge bay okenn moun ki pa manb estaf anplwaye paran responsab la oswa elèv ki gen laj majè a te chwazi pou sa atravè konsantman ki te bay alekri; epi manb estaf anplwaye yo dwe gade enfòmasyon sa a konfidansyèl pou anpeche li soti deyò.
 - ii. Paske se sèlman Depatman Timoun ak Fanmi nan Eta Florid (“DCF”) ki gen otorizasyon pou bay alekri kalite konsantman konsa pou devwale enfòmasyon konsènan yon elèv ki gen HIV ki nan yon pwogram adopsyon tanporè yo (epi se sèlman dapre konsantman elèv la), paran swen adoptif la pa kapab bay konsantman pou revele enfòmasyon konsa, men yo ta dwe repòte yo devan DCF pou jwenn yon kalite konsantman alekri konsa.
- 5. Konfidansyalite rapò tès HIV ki soti nan Depatman Sante.—Si Sipèntandan an oswa reprezantan li resevwa avi ki soti nan Depatman Sante, dapre lwa § 384.25(5) Eta Florid konsènan nenpòt elèv ki ta teste pozitif pou HIV, Sipèntandan an dwe kenbe rapò sa a konfidansyèl ak pa dwe divilge li bay okenn moun, eksepte moun ki otorize pou sa dapre lalwa,

jan lwa 381.004. Eta Florid la otorize oswa mande sa. Dosye konfidansyèl sa yo pa dwe melanje ak okenn lòt enfòmasyon ki kab otorize pou sibi enspeksyon piblik daprè lwa § 119.07 Eta Florid la oswa ki jeneralman aksesib pou tout anplwaye distri yo oswa manb Konsèy Administrasyon yo.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(2); 1001.42(22); 1001.43(7); 1003.22(4), Lwa Florid.

LWA ANVIGÈ: §§ 1001.41(1); 1006.07; 1003.22(3), (4), (9), (10); 381.003; 381.004; 381.0056(5)(l), (n), (o); 384.29, 392.65, Lwa Florid

DOSYE ISTORIK: 16/03/88; 19/08/2002; 13/01/2003

Paj 5.322(a) - 5.322(e)